Pou Piblikasyon Imedya: 24/10/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OGMANTASYON PATWOUY LAPOLIS ETA A AK FÒS LÒD LOKAL YO PRAL KONBAT MOUN K AP KONDUI AVÈK KAPASITE AFEBLI EPI SAN SOUSI PANDAN HALLOWEEN LAN

Peryòd kontwòl pou fè respekte lwa sou sikilasyon ak patwouy yo kòmanse dimanch epi l ap kontinye jiska samdi 31 oktòb

Gouvènè a ankouraje Nouyòkè yo pou yo rete vijilan epi pou yo pa kondui anba enfliyans alkòl; Halloween se jounen ki pi danjere pou pyeton ki poko gen 18 an

Yo te bay 44,545 kontravansyon pandan operasyon aplikasyon lwa 2025 la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodia Lapolis Eta a ak fòs lòd lokal yo pral ogmante patwouy yo pou sible chofè kap kondui avèk kapasite afebli epi san sousi pandan Halloween nan. Kanpay aplikasyon lalwa a, Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor's Traffic Safety Committee) finanse, ap dewoule soti dimanch 25 oktòb rive samdi 31 oktòb.

"Tout moun ta dwe kapab pwofite fèt Halloween lan epi kreye bèl souvni," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Malerezman, twòp chofè toujou pran move desizyon dèyè volan ki gen konsekans mòtèl pou yo menm ak lòt moun. Nou te fè konnen aklè nou pa tolere moun k ap kondwi ak kapasite afebli, moun k ap kondwi pandan yo distrè oswa moun k ap fè eksè vitès. Lapolis Eta Nouyòk la ak ajan lapolis lokal nou yo pral mobilize anpil pou chèche nenpòt moun ki poko konprann mesaj la."

Komisè Enterimè Depatman Veyikil a Motè Eta Nouyòk (Department of Motor Vehicles) la, Christian Jackstadt, te deklare, "Sekirite sikilasyon se sekirite piblik, epi nou felisite Gouvènè Hochul pou angajman li pran pou pwoteje fanmi Nouyòk yo sou wout nou yo. Pa gen okenn eskiz pou yon moun kondwi yon fason ensousyan pandan fèt Halloween lan oswa nenpòt lòt lè nan ane a, epi si w ap bwè alkòl oswa pran dwòg pandan selebrasyon w lan, planifye pou jwenn yon woulib nan men yon moun ki pa sou."

Kanpay aplikasyon lalwa pou moun k ap kondwi avèk kapasite afebli pandan Halloween nan se youn nan plizyè inisyativ kowòdone Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC) a finanse pou redwi aksidan sikilasyon ki gen rapò ak alkòl ak lòt dwòg. Mobilizasyon sible sa yo bay fòs de lòd yo nan tout eta a

resous pou sible minè k ap bwè yo epi ogmante patwouy DWI ak pòs kontwòl pou tcheke si moun yo pa sou pandan peryòd kanpay la.

Pandan operasyon ane pase a, ajan lapolis yo te bay 44,545 kontravansyon, ladan yo 1,210 pou moun ki kondwi ak kapasite afebli ak 8,701 pou eksè vitès.

Sirentandan Lapolis Eta Nouyòk, Steven G. James, te deklare, "Halloween se yon jou anpil moun pran plezi yo, men li kapab sèvi tou kòm yon leson sou responsabilite sou wout Nouyòk yo. Nou ankouraje chofè yo pou yo pran bon desizyon an, pa bwè alkòl anvan yo kondwi, epi pran plis prekosyon lè y ap pwoche bò timoun k ap pase mande sirèt ak pyeton yo. Nou fyè dèske nou fè patenarya ak Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a ak patnè nou yo nan lapolis pou asire tout moun pase yon fèt Halloween an sekirite."

Cherif Konte Ulster ak Prezidan Asosyasyon Cherif Eta Nouyòk (NYS Sheriffs' Association) la, Juan Figueroa, te deklare, "Halloween kapab yon moman amizan pou timoun kou granmoun. Menm si nou ta dwe toujou kondwi yon fason ki pridan, sa pi enpòtan toujou nan jou anvan ak apre Halloween yo. Timoun k ap pase mande sirèt yo pral deyò, e yo ka abiye ak rad ki gen koulè fonse. Timoun yo ka ap kouri travèse wout la pou yo ale de kay an kay. Lè yon moun ap kondwi ak kapasite afebli oswa yon fason agresif, sa anpeche l reyaji byen vit epi evite yon sitiyasyon danjere. Cherif Eta Nouyòk yo vle pou nou pwofite sezon Halloween sa a, respekte lwa yo epi planifye pou nou pa kondwi ak kapasite afebli."

Chèf Depatman Lapolis Vil Brighton lan ak Prezidan Asosyasyon Chèf Lapolis Eta Nouyòk la, David Catholdi, te deklare, "Nou vle pou tout moun pase yon fèt Halloween ki agreyab ak an sekirite, epi nou mande chofè yo pou yo aji yon fason ki responsab. Si w pral bwè alkòl, fè yon chofè nou chwazi kondwi oswa itilize yon sèvis transpò sou demann."

Padan peryòd kontwòl la, chofè yo ka atann a plizyè pòs kontwol modere epi patrouy adisyonèl DWI. Anplis pou sible chofè k ap kondui avèk kapasite afebli, ajan fòs lòd yo pral chèche tou chofè k ap kondui ki distrè yo oswa ak eksè vitès.

Gen lòt kanpay kont kondwi ak kapasite afebli nan peryòd Super Bowl la, Fèt Sen Patrik, Fèt Endepandans, fen sezon ete anvan Fèt Travay, Fèt Aksyon de Gras, ak soti nan mitan desanm pandan fèt Nwèl ak nouvèl ane a.

Dapre Administrasyon Nasyonal Sekirite Sikilasyon sou Otowout (National Highway Traffic Safety Administration, NHTSA), soti 2019 rive 2024, 201 moun te mouri nan aksidan ki gen rapò ak alkòl nan nuit Halloween, kote te gen omwen yon chofè ki te gen yon nivo alkòl nan san li ki 0.01 oswa plis, epi 176 moun te mouri nan aksidan kote te gen yon chofè ki te anba enfliyans alkòl, ak yon BAC (nivo alkòl nan san) 0.08 oswa plis. Plis pase mwatye (54 pousan) moun ki gen ant 21 ak 34 lane ki te mouri nan aksidan sikilasyon pandan peryòd 5 ane sa a te mouri nan aksidan ki te gen yon chofè ki anba enfliyans alkòl.

Pami viktim aksidan sa yo kote chofè yo te anba enfliyans alkòl, te gen 31 pyeton ak 144 chofè ak pasaje. Risk pou pyeton mouri depase 43 pousan pandan Halloween pase nenpòt lòt nuit, dapre yon etid ki te pibliye nan Journal of the American Medical Association (JAMA), ki te baze sou done NHTSA sou 42 ane. Etid JAMA a te jwenn tou timoun ki gen ant 4 ak 8 lane gen 10 fwa plis chans pou yon machin frape yo pandan Halloween pase nenpòt lòt sware.

Pou chofè ki ta ka bezwen tounen lakay yo apre fèt Halloween, aplikasyon mobil "Have a Plan" Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a ak Fondasyon STOP-DWI Eta Nouyòk la disponib pou telefòn entelijan Apple ak Android yo. Aplikasyon an pèmèt moun Nouyòk yo lokalize epi rele yon sèvis taksi ak pwograme yon lis chofè ke yo chwazi. Li ap bay enfòmasyon tou sou lwa ak sanksyon DWI yo, ak yon fason pou moun rapòte yon chofè ke yo sispèk ap kondwi ak kapasite afebli.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.